

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan dina BAB IV jeung pédaran dina BAB V, hasil panalungtikan Modél *Inquiry* dina Pangajaran Nulis Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII A SMPN 4 Tarogong Kidul Kab. Garut Taun Ajar 2024/2025), bisa dicindekeun saperti ieu di handap

Kamampuh nulis carita pondok saméméh ngagunakeun modél *Inquiry* diukur ngagunakeun sapuluh aspék paniléyan, nyaéta 1) aspék kasaluyuan judul jeung eusi carita dina nulis carita pondok asup kana katégori “kurang” miboga rata-rata 2,5, 2) aspék tokoh asup kana katégori “kurang” miboga rata-rata 2,3, 3) aspék latar asup kana katégori “kurang” miboga rata-rata 2,7, 4) aspék alur asup kana katégori “kurang” miboga rata-rata 2,3, 5) aspék sudut pandang asup kana katégori “kurang pisan” miboga rata-rata 1,8, 6) aspék éjahan asup kana katégori “kurang pisan” miboga rata-rata 1,7, 7) aspék kréatifitas ideu asup kana katégori “kurang” miboga rata-rata 2, 8) aspék kamekaran carita asup kana katégori “kurang pisan” miboga rata-rata 1,8, 9) aspék karapihan tulisan asup kana katégori “kurang pisan” miboga rata-rata 1,7, jeung 10) anu pamungkas aspék diksi asup kana katégori “kurang pisan” miboga rata-rata 1,6. Anapon rata-rata peunteun ahir siswa saméméh ngagunakeun modél *Inquiry* nyaéta 40,75, anu hartina kamampuh siswa dina nulis carita pondok kagolong kana katégori kurang.

Kamampuh Kamampuh nulis carita pondok sanggeus ngagunakeun modél *Inquiry* diukur ngagunakeun sapuluh aspék paniléyan, nyaéta 1) aspék kasaluyuan judul jeung eusi carita dina nulis carita pondok asup kana katégori “sedeng” miboga rata-rata 3,8, 2) aspék tokoh asup kana katégori “sedeng” miboga rata-rata 3,8, 3) aspék latar asup kana katégori “sedeng” miboga rata-rata 3,8, 4) aspék alur asup kana katégori “sedeng” miboga rata-rata 3,6, 5) aspék sudut pandang asup kana katégori “sedeng” miboga rata-rata 3,8, 6) aspék éjahan asup kana katégori “sedeng” miboga rata-rata 3,1, 7) aspék kréatifitas ideu asup kana katégori “sedeng” miboga rata-rata 3,3, 8) aspék kamekaran carita asup kana katégori “sedeng” miboga rata-rata 3,2, 9) aspék karapihan tulisan asup kana katégori “kurang”

miboga rata-rata 2,8, jeung 10) anu pamungkas aspék diksi asup kana katégori “sedeng” miboga rata-rata 3. Anapon rata-rata peunteun ahir siswa sanggeus ngagunakeun modél *Inquiry* nyaéta 68,8, anu anu hartina kamampuh siswa dina nulis carita pondok kagolong kana katégori sedeng.

Dumasar rata-rata peunteun nalika pretest jeung posttest anu diguar di luhur katitén aya béda anu signifikan dina unggal aspékna. Dina aspék kasaluyuan judul jeung eusi carita miboga rata-rata niléy 2,5, ngaronjat jadi 3,8, aspék tokoh miboga rata-rata niléy 2,3, ngaronjat jadi 3,8, aspék latar miboga rata-rata niléy 2,7, ngaronjat jadi 3,8, aspék alur miboga rata-rata niléy 2,3, ngaronjat jadi 3,6, aspék sudut pandang miboga rata-rata niléy 1,8, ngaronjat jadi 3,8, aspék éjahan miboga rata-rata niléy 1,7, ngaronjat jadi 3,1, aspék kréatifitas ideu miboga rata-rata niléy 2, ngaronjat jadi 3,3, aspék kamekaran carita miboga rata-rata niléy 1,8, ngaronjat jadi 3,2, aspék karapihan tulisan miboga rata-rata niléy 1,7, ngaronjat jadi 2,8. Anu pamungkas, aspék diksi miboga rata-rata niléy 1,6, ngaronjat jadi 3.

5.2 Implikasi

a. Implikasi Tioritis

- Bisa ngamekarkeun élmu pangajaran basa Sunda, utamana dina pangajaran carpon ngagunakeun pamarekan modél *Inquiry*.
- Modél *Inquiry* bisa dijadikeun alternatif tioritis pikeun ngajarkeun sastra Sunda, sabab fokus kana kaparigelan mikir kritis, kréatif, jeung aktif.
- Méré sumbangan kana tiori konstruktivisme, yén murid bisa manggihan pangaweruh sorangan ngaliwatan prosés tanya-jawab, nalungtik, jeung nyieun kasimpulan dina nulis carpon.

b. Implikasi Praktis

- Keur guru:
 - a. Modél *Inquiry* bisa dijadikeun alternatif strategi ngajar anu interaktif, ngirut, jeung bisa ngaronjatkeun kaparigelan mikir kritis tur kreatif dina nulis.
 - b. Modél *Inquiry* bisa ngaronjatkeun siswa sangkan aktif dina ngamekarkeun ideu carita, nganalisis, jeung bisa nyimpulkeun kanu naon anu dibaca.

- c. Guru bisa ngarancang RPP jeung kagiatan kelas nu leuwih partisipatif, ngagunakeun carita pondok salaku bahan eksplorasi pamikiran siswa.
- Keur siswa:
 - a. Numbuhkeun kaparigelan mikir kritis jeung kreatif ngaliwatan éksplorasi jeung diskusi.
 - b. Méré kamudahan pikeun nyusun carpon nu leuwih hadé, lantaran dibéré kabébasan dina nyusun carita dumasar kana hasil panalungtikan jeung pamikiran sorangan.
- Keur sakola:
 - a. Bisa dijadikeun dasar pikeun ngamekarkeun kurikulum muatan lokal nu inovatif di bidang basa jeung sastra Sunda.
 - b. Ngaronjatkeun kualitas pangajaran basa Sunda ku cara aktif jeung berbasis masalah.
- c. Implikasi Métodologis
 - Ngagunakeun kuasi eksperimen méré gambaran yén panalungtikan nalungtik ngeunaan efektivitas model *Inquiry* sacara ilmiah.
 - Hasilna bisa dijadikeun bahan pikeun panalungtikan salajengna nu leuwih jembar, contona ngalibetkeun sababaraha kelas atawa sakola.

5.3 Rekomendasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis carita pondok ngagunakeun modél *Inquiry*, aya sawatara rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna sangkan leuwih hadé sarta leuwih aya kamajuan dina prosés diajar jeung ngajar. Rékoméndasi saperti ieu di handap.

- 1) Modél *Inquiry* bisa ngaronjatkeun dina pangajaran nulis carita pondok. Ku kituna, modél *Inquiry* bisa dijadikeun alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis carita pondok
- 2) Dina ngagunakeun modél *Inquiry* dina pangajaran nulis carita pondok, aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, diantara 1) kudu bisa ngalarapkeun léngkah *Inquiry* sacara sistematis, saperti: nyusun pertanyaan (formulasi masalah), éksplorasi sumber informasi, ngolah data atawa gagasan, nyieun simpulan, jeung ngébrehkeun hasil ku cara nulis, 2) nyadiakeun lingkungan

nu ngarojong kabébasan mikir sarta kreatif siswa dina nyusun plot, tokoh, konflik, jeung tema carita pondok, 3) siswa kudu bisa gawé bareng, saperti diskusi ngeunaan ideu, nyusun alur, atawa méré tanggapan kana carita batur, 4) kudu bisa nyaluyukeun kamampuh masing-masing siswa, hususna nu masih acan bisa mikir kritis atawa nyusun gagasan.

- 3) Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep modél *Inquiry* dina pangajaran nulis carita pondok atawa pangajaran séjénna bisa leuwih ngabuktikeun yén hasil pangajaran nulis carita pondok leuwih alus kalawan maké modél pangajaran anu inovatif jeung kréatif, hususna modél *Inquiry*.